

Aprè yon Dezaz Natirèl ou fèt pou pwoteje Manje ak Dlo

Manje

- Pandan epi aprè yon ka dijans, manje ki genyen an ka gate. Dlo ki potab, pou kwit manje, ak pou ijyèn pèsònèl ou se dlo ki nan boutèy, dlo bouyi oswa dlo trete.
- Idantifye ki manje ki ka gate epi jete yo.
- Jete tout manje ki gen yon odè, yon koulè oswa yon teksti ki dwòl.
- Jete tout manje ki ka gate (sètadi vyann, volay, pwason, ze, ak manje ki dòmi) ki te rete nan yon tanperati ki te depase 40 degre Farenayt (F) pandan pliske 2 zèdtan.
- Ou ka rekonjle oswa kwit manje ki dekonjle ki gen kristal glas sou yo oswa ki gen yon tanperati 40 degre Farenayt (F) oswa pi ba.
- Jete manje nan bwat rezèv kap gonfle, ki louvri oswa ki domaje.
- Piga sèvi ak dlo ki kontamine pou fè vèsèl, pou bwose dan w, pou lave ak pare manje, pou lave men w, pou fè glas, oswa pou prepare lèt pou tibebe.

Konsève manje pou l pa gate.

- Lè pa gen kouran, pigas louvri pòt frizè ak frijidè souvan.
- Mete blòk glas oswa glas seche nan frijidè a si w panse ou pap gen kouran pou pliske 4 èdtan. Mete gan ki epè nan men w lè wap manyen glas la.

Fason pou bay timoun ak tibebe manje

- Timoun ki nan tete fèt pou kontinye pran tete nòmalmman. Pou timoun ki pran lèt fòmila, itilize lèt fòmila ki tou pare, si posib. Si w pa ka itilize lèt fòmila ki tou pare, itilize dlo ki nan boutèy pou prepare lèt fòmila anpoud oswa konsantre. Si w pa gen dlo ki nan boutèy, itilize dlo bouyi. Se sèlman lè w pa genyen dlo ki nan boutèy oswa dlo bouyi pou w itilize dlo trete pou prepare lèt fòmila. Si w prepare lèt fòmila avèk dlo bouyi, kite lèt fòmila a byen refwadi anvan w bay tibebe a bwè l.
 - o Anvan w itilize bibwon yo ak tetin yo, lave yo ak dlo ki nan boutèy, dlo bouyi, oswa dlo trete.
 - o Lave men w anvan w prepare lèt fòmila epi anvan w bay tibebe a bwè l. Ou ka itilize dezenfektan pou abaz alkòl pou lave men w si pa gen anpil dlo ki rete.

Aprè yon Dezas Natirèl ou fèt pou pwoteje Manje ak Dlo

(suit paj anvan an)

Enfòmasyon ki ka nesesè:

- Ijyèn Men nan Ka Dijans
(<http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/handwashing.asp>)
Ki lè pou w lave men w ak kouman pou fè sa si w pa gen dlo...
- Pwoteje Manje w nan Ka Dijans, Depatman Agrikilti Ameriken
(http://www.fsis.usda.gov/Fact_Sheets/keeping_food_Safe_during_an_emergency/index.asp)
Enfòmasyon jeneral ak Kesyon yo poze souvan konsènan pwoteksyon dlo ak manje, ansanm avèk direktiv sou lè pou w jete manje ki ka gate
- www.foodsafety.gov - Consumer Advice: Enfòmasyon konsènan manje nan ka Dezas
(<http://www.foodsafety.gov/%7Efsg/fsgdisas.html>)
Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon manje lè gen dife, inondasyon, siklòn, blakawout, elatriye.
- Enfòmasyon sou Pwoteksyon Manje apre yon Siklòn, FDA (Administrasyon Aliman ak Medikaman nan Etazini)
(<http://www.cfsan.fda.gov/~dms/fsdisas.html>)
Ti konsèy pou ede moun pwoteje sante yo ak pwoteje pwovizyon manje yo
- Biwo pou Pwoteksyon Manje, CDC (<http://www.cdc.gov/foodsafety/>)
Enfòmasyon konplè sou pwoteksyon manje
- Pran tout prekosyon, Lakwa Wouj
(<http://www.redcross.org/services/disaster/beprepared/>)
Sit entènèt ki gen enfòmasyon konplè sou kouman pou prepare w nan ka dijans menm lè pa gen kouran

Dlo

Dlo a ka pa potab, ou ka pa ka sèvi avè l pou netwaye oswa pou benyen apre yon tranblemanntè. Pandan yon dezaz e apre yon dezaz, dlo a ka vin kontamine avèk ti mikwòb tou piti, tankou bakteri, dlo sal, dechè agrikòl oswa endistriyèl, pwodui chimik ak lòt sibstans ki ka ba w maladi oswa ki ka touye w. Fèy enfòmasyon sa a ba w direktiv ki pi ba a, ki pou ede w konnen si ou ka sèvi ak dlo a:

- Koute epi suiv anons piblik yo. Otorite lokal yo va fè w konnen si dlo tiyo a potab oswa si w ka itilize l pou fè manje oswa pou w benyen. Si w pa ka itilize dlo a, swiv enstriksyon yo ba w sou plas la pou w itilize dlo nan boutèy oswa pou w bouyi oswa dezenfekte dlo pou w fè manje, pou w netwaye oswa pou w benyen.
- Itilize sèlman dlo ki nan boutèy, dlo bouyi, oswa dlo trete pou w bwè (sepandan, gade nan seksyon Manje pou timoun yo pou w gen direktiv), pou w fè manje oswa pou w prepare manje, pou w fè vèsèl, pou w netwaye, pou w bwose dan w, pou w lave men w, pou w fè glas ak pou w benyen jiskaske yo teste dlo w genyen an e yo fè w konnen ou ka sèvi ak li. Si w pa gen anpil dlo ki rete, ou ka itilize dezenfektan abaz alkòl pou lave men w.
- Si w itilize dlo ki nan boutèy, asire w li soti yon kote ki si. Si w pa konnen si dlo a soti yon kote ki si, ou dwe bouyi oswa trete dlo a anvan w itilize l.

Paj 2 nan 3

Aprè yon Dezas Natirèl oswa lè gen Blakawout ou fèt pou pwoteje Manje ak Dlo

(suit paj anvan an)

- Pi bon fason pou touye bakteri ak parazit ki danjere, se lè w bouyi dlo a, si posib. Lè w bouyi dlo sou gwo dife pou 1 minit, sa pral touye pifò mikwòb ki ladann yo. Lè w bouyi dlo a sa pap retire kontaminan chimik yo ladan l. Si w sispèk oswa w konnen dlo a kontamine avèk pwodui chimik, chèche jwenn yon lòt mwayen pou pran dlo, pa egzanp, itilize dlo ki nan boutèy.
- Si w pa gen mwayen pou bouyi dlo a, ou ka trete dlo a avèk tablèt klò, tablèt yòd, oswa klowòks ki pa gen odè e ki sèvi nan kay (5,25% ipoklorit sodyòm). Si w itilize tablèt klorin oswa tablèt yòd, swiv enstriksyon ki vin avèk tablèt yo. Si w itilize klowòks ki sèvi nan kay, ajoute 1/8 yon ti kiyè (~0,75 mililit [ml]) klowòks pou chak galon dlo si dlo a klè. Si dlo a pa klè, ajoute 1/4 tikiyè (~1,50 ml) klowòks pou chak galon dlo. Melanje solisyon an byen epi kite l poze pandan 30 minit anvan w itilize l. Lè w trete dlo a avèk tablèt klorin, tablèt yòd, oswa klowòks likid, sa pap touye anpil parazit. Lè w bouyi dlo a se pi bon jan pou w touye mikwòb sa yo.
- Piga baze w sou metòd pou dezenfekte dlo oswa aparèy ki pou dezenfekte dlo ke otorite lasante lokal pa ni rekòmande ni apwouve. Kontakte depatman sante lokal ou pou konsèy sou pwodui tretman dlo ke yap fè reklâm pou yo.
- Itilize tank rezèwa pou dlo ak lòt kalite resipyan avèk prekosyon. Pa egzanp, tank rezèwa ki nan kamyon ponpye ak bwat fèblan oswa boutèy ki te sèvi deja ka kontamine avèk mikwòb oswa pwodui chimik. Resipyan ki kenbe dlo yo fèt pou yo byen netwaye, apres a pou yo rense avèk yon solisyon klowòks anvan w itilize yo.
 - o Melanje savon avèk dlo pwòp nan resipyan an. Souke l oswa brase l pou netwaye andedan resipyan an, apres a, rense l.
 - o Pou galon oswa resipyan ki ka pran yon lit likid, ajoute apeprè 1 tikiyè (4,9 ml) klowòks ki sèvi nan kay (5,25%) avèk 1 tas (240 ml) dlo pou prepare yon solisyon klowòks.
 - o Kouvri resipyan an epi souke solisyon klowòks la nèt, detèsòt ke solisyon an pran kontak ak tout andedan resipyan an. Kouvri l epi kite l poze pandan 30 minit, apres a rense l avèk dlo pwòp.
- Pratike ijyèn debaz. Lave men w avèk savon e avèk dlo ki nan boutèy oswa dlo bouyi oswa dezenfekte. Lave men w anvan w prepare manje oswa anvan w manje, apre w al nan twalèt, apre w te fin fè netwayaj, ak apre w te fin manyen atik ki kontamine ak dlo inondasyon oswa dlo sal. Itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl pou lave men w si w pa gen anpil dlo pwòp ki rete.

Enfòmasyon ki ka nesèsè

- Netwaye ak Dezenfekte avèk Klowòks apre yon Ka Dijans (<http://www.bt.cdc.gov/disasters/bleach.asp>)

- Dezenfekte Pi Dlo apre yon Ka Dijans
(<http://www.bt.cdc.gov/disasters/wellsdisinfect.asp>)
- Direktiv sou Kouman pou Jere Gwo Dyare (pou Pwofesyonèl Medikal)
(<http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/dguidelines.asp>)
Aprè ka dezas, kote ki pa gen ase kouran, ase dlo pwòp ak ase enstalasyon sanitè ka gen plis moun ki gen gwo dyare ladan yo...
- Ijyèn Men nan Ka Dijans
(<http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/handwashing.asp>)
Ki lè pou w lave men w ak kouman pou fè sa si w pa gen dlo...

Paj 3 nan 3